

# FEMA Mete ajou Pwogram Asistans Endividyèl la

Release Date: Mar 22, 2024

FEMA te aplike aktyalizasyon ki pi enpòtan nan matyè asistans kont dezaz nan 20 dènye ane yo. Mizajou sa yo ak aplike pou katastwòf yo deklare ofisyèlman ak prezidan apati 22 mas 2024:

## Nouvo Avantaj:

- **Asistans pou Bezwen Grav yo tankou**  
Lajan pou ede w peye pou atik esansyèl tankou manje, dlo, lèt pou tibebe, medikaman, ak lòt founiti pou ijans.
- **Asistans pou Deplasman tankou**  
Lajan pou ede ak bezwen lojman imedya si ou pa kapab retounen lakay ou akòz katastwòf la. Lajan an ka itilize pou sejourne nan yon otèl, ak fanmi ak zanmi, oswa lòt opsyon pandan w ap chèche yon inite lokasyon.

## Admisibilite Elaji:

- **Asistans nan senplifikasyon Lòt Bezwen**  
Pwopriyete kay, lokatè ak pwopriyete biznis ki bezwen asistans adisyonèl pou retabli yo ka aplike pou yon prè pou dezaz ak enterè ki ba ak Administrasyon Ti Biznis [Etazini an menm tan ak aplikasyon](#) pou asistans nan men FEMA.
- **Ede moun ki pa gen asirans**  
Si w te resevwa yon peman asirans ki pa kouvri depans pou domaj kay ou oswa pwopriyete w la, ou ka toujou kalifye pou resevwa lajan nan men FEMA. Gade nan lespri ou, asistans FEMA se pa yon ranplasman pou kay, lokasyon, oswa asirans inondasyon, epi li pa pral kouvri tout pèt ki koze nan yon katastwòf.
- **Kritè Elaji pou Asistans pou Reparasyon Kay Ou,**  
ou ka resevwa lajan pou repare yon pati nan kay ou ki te andomaje nan katastwòf la kèlkeswa kondisyon ki te deja egziste. Ou ka fè reparasyon tou



FEMA

Page 1 of 2

pou evite domaj similè nan pwochen dezas yo.

- **Jwenn lajan pou Amelyorasyon Aksesibilite pou**  
ede w fè reparasyon nan matyè aksesibilite lakay ou (tankou ranp eksteryè, travè sipò, ak chemen ki pave pou antre lakay ou) si w gen yon andikap. Reparasyon yo ka fè pandan atik sa yo te andomaje pandan yon katastwòf. Amelyorasyon nan kay la ka fèt lè karakteristik sa yo pa te prezan anvan katastwòf la, men yo nesèsè akòz yon andikap ki te deja egziste oswa yon andikap dezas la te pwovoke.
- **Asistans Senplifye pou Aplikan Travayè Endepandan yo.**  
Si w se yon travayè endepandan, FEMA ka ofri lajan pou repara oswa ranplase zouti ak ekipman ki andomaje akòz katastwòf la ki nesèsè pou fè travay ou.
- **Asistans elaji pou Aparèy Enfòmatrik yo**  
Ou kapab resevwa kounye a lajan pou yon òdinatè pèsònèl oswa famiyal ki te andomaje nan yon katastwòf. Ou ka resevwa lajan tou pou òdinatè adisyonèl ki nesèsè pou travay, lekòl oswa aksè ak bezwen fonksyonèl.

## Yon pwosesis aplikasyon senplifye:

- **Rasyonnalize Aplikasyon pou Asistans Lojman Tanporè**  
Redwi egzijans dokiman si w ap chèche asistans lojman tanporè kontinyèl. Travayè sosyal endividyèl yo pral kolabore ak ou etwatman pou ofri sipò epi ogmante transparans.
- **Yo retire obstak pou aplikan ki an reta yo**  
Si w ap mande apwobasyon pou yon aplikasyon ki retade, ou pa oblije bay dokiman ki montre rezon ki fè aplikasyon an retade.
- **Senplifye Pwosesis Rekou yo**  
Si w pa dakò ak yon desizyon FEMA epi ou vle fè yon Rekou, ou p ap bezwen bay yon lèt rekou alekri siyen ankò pou akonpaye dokiman sipò yo.

